


Edisyon ivè 2022 reyenprime

GERI DIVIZYON AN : EKITE SE
NANM KOMINOTE YO KI ANSANTE

Brigham

Jounal Brigham
and Women's Hospital la
Ivè 2022

SANTE



**LEVE KANPE
POU JISTIS**

*Kiltive ekite ak
enklizyon nan medsin*



GERI DIVIZYON AN

***Ekite se nanm
kominote yo ki
ansante***

Ekriven **LAUREN THOMPSON**

Tnan tout Etazini an gen inegalite nan sante ki byen anrasine e ki la depi dikdantan nan kouch sosyoekonomik ak rasyal yo. Nan Boston, se moun ki rete Back Bay yo ki gen esperans lavi pi wo, apeprè 92 zan. Esperans lavi moun ki rete nan Roxbury, ki a kèk zip kòd ak BackBay, se sèlman 59 van, esperans lavi ki pi ba nan vil la. Lopital Brigham and Women chita nan mitan katye sa yo, kote l ap sèvi pasyan ak anplwaye moun k ap viv nan reyalite ki konplètman diferan. Kisa ki eksplike yon diferans plis pase 30 tan nan esperans lavi rezidan ki gen yon distans 6.4 kilomèt ki separe kay yo, tou kole ak plizyè enstitisyon swen sante ki gen renome entènasyonal ?



Agoch : Yomairy Presinal ap mennen pilit gason li fè yon tchèkòp medikal nan Sant sante ki nan Southern Jamaica Plain lan. Adwat : Maureen Balaguera, MSN, RN, CDCES, CNL, Maria Matos, BSN, RN, ak Nadia Raymond, PhD, MSN/MHA, RN, rankontre nan klinik ki nan Southern Jamaica Plain Center a.

EKA NAN RAPÒ RICHÈS AK SANTE

Plizyè dizèn ane rechèch pwouwe aksè ak swen medikal reprezante apeprè 20% nan sa ki kenbe yon moun ansante. Rès 80% nan sante nou depann de pil ak pakèt fason sa yo rele detèminan soyal yo nan sante a detèmine byennèt ak dire lavi nou : aksè fyab ak kay ki ansekirite e abòdab, kalite edikasyon ak opòtinite travay yo, manje ki nourisan, rekreyasyon, lè ak dlo pwòp, ak lòt faktè ki pa disponib nan menm kantite a nan tout peyi a.

Lidè yo nan Brigham ak Mass General Brigham (MGB), òganizasyon ki sou tèt li a, ap travay trè di, plis ke jamè, pou abòde detèminan sosyal yo nan sante a epi elimine eka yo nan sante nan Boston ak lòt kote. Y ap kontakte moun yo nan katye yo dirèkteman, pou konprann sikorans ki ka limite chwa yo nan sante, fè eò pou eliminate baryè sa yo, epi refòrmé swen sante a pou yon avni ki pi ekitab.

Tom Sequist, MD, MPH, se yon entènis nan Brigham ak administratè medikal prensipal nan MGB. Sequist abitye ak konsekans sa genyen sou sante publik, lè gen lontan yo pa fè envèstiman nan katye kote nwa, moun po fonse, ak fanmi imigran yo ap viv : mwens

opòtinite, plis eksperyans negativ nan lavi, plis estrès toksik ki kraze kò a avan lè. Tout bagay sa yo kontribye nan fè gen plis ka maladi kwonik ak lamòd pi bonè.

Li di : «Sa gen plizyè deseni, depi gouvènman an gen yo seri politik l ap aplike volontèman pou anpeche moun nwa ak moun ki gen salè fèb yo akeri ak akimile richès lè yo ta posedè kay pa yo. Jouk jodi a, nou santi efè eritaj sa a lè n gade potansyèl pou gen richès relativman rete an plas nan kominote sa yo. Alòske richès pèmèt ou gen fleksibilite, resous ak pwoteksyon kont pi grav efè yon kriz tankou pandemi COVID-19 la.»

Sequist ap fòme kowalisyon nan tout Brigham nan, toukòm nan MGB, pou asire l tout pasyan ka gen aksè ak pi bon swen posib. Se li menm ak kòlèg li Elsie Taveras, MD, MPH, ki alatèt inisyativ Tèt kole kont racism la (United Against Racism), yon gid jeneralize ki gen ladan l yon seri delè ak estatistik espesifik pou mezire siksè, pou fè Brigham ak enstisyon parèy li yo tounen òganizasyon kont racism.

Direktris ekite nan sante kominotè MGB a, Taveras, di : «COVID-19 la ekspoze gwo eka yo

ki te egziste pandan lontan nan domèn sante a. N ap reflechi seryezman sou kontèks kote racism ak inekite egziste, epi abouti nan inekite rasyal ak rezulta anba yon nivo favorab pou pasyan BIPOC nou yo [Nwa, endijèn ak moun po fonse].»

Tèt kole kont racism gen plizyè gwo objektif pou sante kominote a, tankou konsantre sou faktè sosyal detèminan yo nan domèn sante nan tout dispensè yo, epi ogmante resous yo nan katye frajil yo. Pwogram nan ap kolabore tou avèk moun k ap pran desizyon politik yo ak òganizasyon lokal yo, pou panche sou estrikti ki alabaz yo e ki bloke sante nan kominote moun ki pa blan yo.

Nan Brigham lan poukонт li, yo bay sibvansyon pou ekite nan domèn sante ki depase \$4.5 milyon pou sipòte pwogram kominote yo ap jere toupatou nan Boston-sa k ap ogmante resous pou sante mantal, pou byennèt, pou fè pledwari pou lojman, pou kreye travay ak devlope konpetans nan travay pou rezidan yo. Tou dènyèman, MGB envesti \$50 milyon pou fè amelyorasyon nan sèvis sante mantal, nan devlopman mendèv, nan jere maladi kwonik, ak veye sou nitrisyon pou

kominote yo neglige yo. Envèstisman finansye a se sèlman yon kòmansman li ye. Lidè yo, ki an favè sante ekitab la, ensiste li tout osi nesesè pou gen chanjman serye ki fèt nan kilti ak sistèm yo.

Taveras di : «Pou nou fè chanjman dirab ak mezirab nan rezulta sante kominote n ap sèvi yo, nou dwe lite, gen detèminasyon, disiplin, epi pran responsabilite n.»

REDUI MANK EKITE YO

Katyé Jamaica Plain (JP) nan Boston, ki mezire sèlman 10.36 kilomèt kare, se yon ti reprezentasyon diferans ekstrèm ki genyen nan demografi vil lan. Gen mank ekite frapan ki ekziste ant kominote kote nan listwa se moun nwa ak latenks te rete ak popilasyon blan rich la ki kontinye ap ogmante. Selon done biwo resansman Ozetazini (estimasyon 2021), alòske pi fò moun Jamaica Plain ki nan zòn Jamaica Pond an ap touche \$179.000 an mwayèn, revni mwayen yon fanmi kote pi fò moun yo se nwa, endijèn, moun po fonse (BIPOC), bò Jackson Square a, se \$31.000.

Epi balans lan kontinye ap chavire.

Resansman 2020 an revele blan k ap viv nan JP yo ogmante de 53% an 2010 a 80% an 2019. Nan menm deseni an, pri medyan yon kay nan JP monte nan syèl. Li soti nan \$363.000 pou rive nan \$750.000. Nan ankèt Sant pou ekite ak sante kominotè Brigham lan te fè nan tout kominote a an 2019, aksè ak lojman abòdab te pi gwo sousi rezidan yo e sa afekte tout bagay, soti nan opòtinite pou travay ak edikasyon pou rive nan kalite lè a ak espas pou vèdi.

Abigail Ortiz, MSW, MPH, yonnan direktris inisyativ pou jistis ak ekite rasyal nan Sant Sante Southern Jamaica Plain lan (SJPHC) a, yonnan nan de sant sante kominotè Brigham yo di : «Tout Jamaica Plain nan ap fè fas ak fenomèn pouse

ÈSKÈ W TE KONNEN ?

Dapre Sant pou kontwòl ak prevansyon maladi yo Ozetazini, detèminan sosyal sante yo divize ant senk gwoup :

1. Estabilite ekonomik
2. Aksè ak kalite edikasyon
3. Aksè ak kalite swen sante
4. Katye ak anviwonnan
5. Kontèks sosyal ak kontèks kominote a




«Pou n reyalize chanjman dirab ak mezirab nan domèn sante nan kominote n ap sèvi yo, nou dwe lite, gen detèminasyon, disiplin ak pran responsabilite n.»

— ELSIE TAVERAS, MD, MPH

LOKALIZE MANK EKITE NAN KATYE BOSTON YO

Done yo revele se nan menm katye sa yo nan Boston yo—kominate kote pi fò moun yo se nwagen pi move rezulta nan sante publik, tankou nan COVID-19, enpak chanjman nan klima ak lanmò avan lè.



Sous done yo : Komisyon sante publik Boston, Sistèm vijilans Boston (1 ye janvye 2020 a 23avril 2020, a 4:06 pm); Biwo resansman ameriken, Ankèt kominotè ameriken, 2018 estimasyon 5 kan (2014-2018). Analiz done : Komisyon sante publik Boston, Biwo envestigasyon ak evalyasyon.

PLIS NAN ENTÈNÈT



KREYE ESPAS KI GEN SEKIRITE POU JÈN YO

Pwojè rekonsilyasyon ak gerizon rasyal nan Sant sante nan Southern Jamaica Plain lan bay jèn yo nan lokalite a yon espas pou pataje pèspektiv ak eksperyans yo, ak reflechi sou enpak racism lan sou sante.

Brighamhealthmag.org/racialrec

Ekip dirijan Brookside Community Health Center nan yonn nan reyinyon abityèl yo. De goch a dwat : Darlin Liriano, BSN, RN; Margaret Cole, MBA, BSN, RN, Claudia Liranzo, ak Mimi Jolliffe, FNP, MPH; Cynthia So-Armah, MD



malere al lòt kote a (an anglè : gentrification), epi evidans lan parèt nan done sou anviwon 30,000 moun k ap viv nan zòn nan nou resanse yo.»

Ortiz di : «Nan konparezon ak lòt katye Boston yo, JP bay pi bon rezulta nan sa ki konsène maladi tankou opresyon, ak dyabèt. Answit, byenke sa byen sonnen, nou konnen se pa nesesèman sante moun nwa, moun po fonsé ak endijèn yo (BIPOC) ki amelyore.»

Ortiz ap dirije Sant pwomosyon sante SJPHC a ki gen estidyò mouvman (kote moun ap aliny lespri ak kò yo), plizyè gwoup pou jèn, ak lòt pwogram byennèt yo fè pou 13.000 pasyan SJPHC yo. Epitou, li se biwo santral jistis rasyal ak ekite travay sant sante a nan komunitate lokal ak komunitate Brigham lan.

Ortiz di : «Li fasil pou w pale sou racism estriktrèl ki egziste a yon lòt kote ; li pi difisil pou w pale sou sa ki nan pwòp enstisyon nou yo. Antanke yon sant sante, si nou konnen se kay pasyan karayibeyen ak latens yo, ki gen salè ba yo, ka dyabèt yo pi wo, premye lide nou ta ka genyen se ba yo lesyon sou nitrisyon ak kwit manje. Men, sa se t ap inyore done yo.»

Ortiz ap dekri fenomèn yo rele, nan sante publik, paradoks imigran an (immigrant paradox) : Lè fanmi imigran yo vin rete Ozetazini, kantite maladi kwonik ak pwoblèm sante ki gen rapò ak konpòtman yo ogmante anpil, menm pamipit nan dezyèm ak twazyèm jenerasyon yo. Selon ekspè yo, rezulta sou sante defavorab sa yo gen rapò ak dezavantaj sosyoekonomik anpil ameriken naturalize ap konfwontre.

«Etandone pasyan nou yo te pi ansante nan peyi yo, apresa yo tonbe malad yon fwa yo rantre isi, èske se pou nou ta anplwaye yon nitrisyonis pou bay yo kou sou kwit manje, oswa fè yonn nan pasyan nou yo vin aprann nou

kijan pou kwit manje karayibeyen ?» se sa Ortiz di. «Sa yo se kalite késyon nou poze yo : Kijan yon pwogram sou nitrisyon ki panse ak jistis rasyal ta ka fonksyon. Kijan yon pwogram sou entèvansyon pou dyabèt ki panse ak jistis rasyal ta ka fonksyon.»

DIFERAN NAN JAN YO KONSEVWA L

SJPHC a ak sant sante parèy li a kin nan lòt bò vil la, Brookside Community Health Center, te fonde nan ane 1970 yo. Nan moman lè mouvman pou dwa sivil yo te chofe yo, yo te ouvri plizyè milye sant sante komunitè nan tout peyi a pou asire tout katye, espesyalman sa yo te neglige akoz racism yo ak pwoblèm klas yo, gen aksè ak sèvis swen sante esansyèl.

Sant sante komunitè aktyèl yo ap fè efò toujou pou elimine eka ki toujou egziste konsènan ekite nan domèn sante. Se yo tou ki lidè nan kè travay ki pi nouvo ak pi byen panse anfavè jistis rasyal ak sosyal nan domèn medikal.

Modèl Brookside ak SJPHC la diferan, lè w konpare l ak lòt sant sante tradisionel yo k ap bay premye swen. Prèske tout anplwaye yo bileng e yo soti nan 2 kilti, pòt yo ouvri pou tout moun, epi yo gen konseye finansye disponib pou ede moun ki pa gen aspirans yo jwenn aspirans pou yo ka jwenn swen. Lidè nan sant yo klè nan entansyon yo pou lite anfavè jistis rasyal, epi yo kwè tout moun ap benefisyè lè yo konsevwa swen sante pou moun ki defavorize yo.

Direktris ekzekutif Brookside la, Mimi Jolliffe, di : «Ekip nou an konsantre sou adrese enpak racism estriktrèl ak prejje vwale yo gen sou komunitate nou an. Nou chak wè lavi an selon pwòp vizyon nou, epi li enpòtan pou nou detèmine pou n rekonèt ak reflechi sou pwòp prejje nou yo pou nou ka kreye efektivman

yon anviwonnan, kote swen sante a fyab e sèvi nonsèlman pasyan yo, ki an majorite se latens, men pou tout pasyan.»

Ann pran pa egzanp swen kay espesyalis. Menm pou pasyan an ki gen plis resous lan, li ka difisil pou l suiv pwosedi chè ak konplèks yo. Men, pou moun ki pa pale anglè yo ak moun ki gen salè ba yo, sa yo ki depann de transpò publik oswa k ap viv ak yon andikap yo, defi sa yo ka twòp pou yo. Kidonk, Jolliffe ak ekip li an travay pou mete plis sèvis espesyalite sou plas nan Brookside, kote pasyan granmoun tankou timoun yo ka resevwa pifò nan swen yo nan menm kote.

Li di : «Nou konnen gen plis chans pou pasyan yo vini si yo gen aksè ak sèvis espesyalite yo nan menm kote yo abitye resevwa swen yo -- yon plas ak moun yo fè konfyans. Lè nou refere pasyan yo lòt kote, se sèlman 40% a 50% nan yo ki ale nan randevou yo. Se yon bagay si pasyan yo pa vin nan randevou pou yon pwosedi yo pa oblige fè oswa ki pa ijan, men gen anpil pwoblèm ki kontinye ap anpire san tretman espesyalize. Kidonk, n ap panse sou mwayen pou fè alyans pou ka ogmante kantite espesyalis k ap vin travay anndan sant nou an.»

Se depi lè li fèk ouvri pòt li, Brookside ap ofri swen medikal pou granmoun, fanmi ak timoun, toukòm sèvis fanm saj, operasyon jinekolojik, konsèn nan sante mantal ak sèvis nitrisyon. Brookside asosye li tou ak doktè nan Brigham yo pou ofri sèvis nan domèn kè, poumon ak ren, epi l ap travay pou mete lòt espesyalite tankou oftalmoloji ak terapi fizik.

Jolliffe di : «Kòm nou ofri pediyatri tou nan Brookside, nou gen gwo dezi pou n fè alyans ak espesyalis nan pediyatri nan sistèm nan pou nou ka sèvi timoun nou yo pi byen nan sant nou an. Nou konnen lè nou ka ofri plis sèvis espesyalize, ak doktè pasyan nou yo fè konfyans, se plis n ap ka satisfie bezwen swen sante yo.»

AN AVAN

Depi nan kòmansman pandemi COVID-19 la, kantite ka enfeksyon yo, moun ki entènè lopital ak sa ki mouri yo pi plis nan katye kote fanmi nwa ak latens ap viv yo pase lòt katye yo.

Margaret Cole, MBA, BSN, RN, enfimyè direktoris Brookside la di : «Pandemi an agrave inegalite soyal ki te egziste dejà yo, sa ki vin ogmante inegalite sanitè yo. Te gen pi plis ka COVID-19 nan komunitate moun ki pa blan yo, pa rapò ak komunitate kote blan ak moun rich yo ye. Nan Brookside, nou te wè pi plis moun ki te pèdi djòb yo, oswa ki pa t ka rete nan karantèn lakay yo, epi ki pa t ka mete manje sou tab lakay yo. Anplis de sa, yo te gen difikilite pou gen aksè ak kote yo fè tès yo : se sèlman, pandan ou t ap



EKITE AN AKSYON NAN KLINIK MOBIL LA

Yon maten imid, avèk yon syèl gri nan Jamaica Plain, gen aktive san sès nan garaj Brookside Community Health Center a. Gen anpil aktivite nan klinik mobil pou vaksen COVID-19 la. Anpil nan vizitè yo se fanmi jenn timoun ki pare pou resevwa vaksen yo avan lekòl la kòmanse.

Sa ki fè wanti anbyans lokal la se penti chaje ak koulè arebò mi sou deyò Brookside la—yonnan nan de sant sante komunitè yo Brigham and Women's Hospital ap jere. Sèn ki nan penti yo reprezante paran, granparan, timoun, vwazen ak anplwaye ki konsidere Brookside kòm yon manm total kapital fanmi an.

Mireille Louis ki se yon espesyalis nan resous komunitè pou klinik mobil la di : «Ilsi an nou se yon fanmi.» Avèk kòdyalite ak kamaradri, l a mennen pasyan yo chita apre yo fin anrejistre.

Yon manman avèk de jèn ti gason vin kot Louis, epi yo poze l yon késyon an kreyòl. Louis, ki se yon ayisyèn, reponn li nan lang manman li. Medam yo tonbe nan pale, epi manman fè ti gason yo siy pou yo chita epi ret tann enfimyè yo pou bay yo vaksen yo. Louis pote pou yo pake ki gen founiti pou lekòl ak atik twalèt pèsònèl organizaçon lokal, san objektif fè pwofiti a, Cradles to Crayons fè yo kado.

Nan kote li chita a, yon jèn gason rele Louis ; li mande Louis kijan li ka pale ak manm fanmi li sou dout yo osijè vaksen an. Li fè referans ak istwa Etazini sou enjistis rasyal nan rechèch medikal e fanmi li krenn pou yo pa ta eksplwate yo.

Louis reponn li : «Edikasyon se yon pati esansyèl nan travay nou nan klinik mobil la. Gen tèlman enfòrmasyon ki pa kòrèk moun ap tande sou vaksen an, se sa ki fè yo apresye sa anpil lè yo pale ak yon moun yo santi yo ka fè konfyans.»

Li ajoute : «Li vrèman enpòtan pou w gen pasyan e gade kalm ou, epi rete sou fè yo. M rekonesan paske m isi an pou m ede nan fason sa a.»

Foto anwo a : Enfimyè Nancy Joseph ap bay Emmanuel Pierre-Victor vaksen kont COVID-19 la nan yon klinik mobil nan katye Mattapan nan, nan Boston. (Foto Paul Connors/Boston Herald pran)

RANFÒSE OPÒTINITE YO POU MENDÈV NAN BRIGHAM LAN.



Avèk plis pase 20.000 anplwaye nan Brigham nan, dirijan lopital yo panse premye pa nan konstui yon kominote pi ekitab nan Gran Boston an, dwe kòmanse avèk pwòp anplwaye nou yo nan Brigham nan.

Gen plizyè efò ki anmach nan Brigham nan pou ogmante opòtinite pwofesyonèl yo, anndan lopital toukòm pou moun ki pa anplwaye lopital la. Gen pwogram disponib pou ede anplwaye yo pran kou nan teknik òdinatè, anglè antanke dezyèm lang, imigrasyon ak naturalize ameriken. Lopital la patisipe tou nan devlopman pwofesyonèl pou rezidan nan katye ozalantou yo, etidyan inivèsite ak jèn atravè inisyatif tankou Pwogram djòb pou siksè etidyan an (Student Success Jobs Program).

Depatman Brigham yo ap etali tou pwòp komite sipèvizon pa yo, pou divèsite ak enklizyon pou ka ogmante opòtinite pwofesyonèl pou anplwaye ki pa reprezante ase yo nan tout nivo. Komite yo bay dirijan depatman yo misyon pou yo atenn yon seri nivo nan bay kandida differan kategori travay ak pwomosyon..

Se Normella Walker, MA, k ap dirije Biwo pou divèsite, ekite ak enklizyon nan Brigham nan. Pou li menm, sa esansyèl nan konvèrsasyon sou travay ak mendèv, moun yo dwe gen enfòmasyon sou istwa rasism nan kilti travay Ozetazini ak kijan eritaj sa kontinye gen enpak sou anplwaye yo jodi a.

Walker di : «Alabaz, racism la se yon sistèm yo te mete la pou kontwole travay. Se yon sistèm yo te mete pou kreye divizyon, pou anpeche moun yo fè rasanbleman ak revolte kont mank ekite. Nan kilti jodi a, yo di nou opòtinite a se yon gato ki pa sifi pou tout moun. Men enklizyon vle di pataje pouvwa ak akeyi plis moun ladan I. Nou dwe korije ide fo sa yo sou opòtinite e fè gato a gwosi pou tout moun ka jwenn.»

Foto anwo a : Labina Shrestha, manadje operasyon yo nan Depatman sèvis anviwonman yo te fè plizyè aktivite sou opòtinite devlopman pwofesyonèl nan lopital la



Dennie Butler-MacKay, LICSW,
ak Abigail Ortiz, MSW, MPH, 2
direktris inisyatif pou jistis ak ekite
rasyal nan Sant sante Southern
Jamaica Plain lan.

pase nan machin ou, anpil nan kote yo te tou fè tès la pou ou, epi ou pa t ka ale la a pye oswa nan transpò piblik.»

Kòm Brookside rekònèt gen nesesite pou bay kominote ki pi andanje yo pi bon sipò, yo te al bay sèvis la kote pasyan yo ap viv la. Lidè sant sante yo te ôganize plas pou fè tès nan Hyde Park, Roxbury, Mattapan, Dorchester ak Jamaica Plain. Yo te ouvri klinik pou bay vaksen, nan espas ki pa espas medikal, tankou Strand Theatre, yon pwen repè nan Dorchester. Brookside vin tounen yonn nan plizyè baz operasyon yon flòt kamyonèt pou sante kominote pou zòn Boston an.

Cole di : «Nou bay swen nan yon fason ki chalere, akeyan, epitou nan plizyè lang. Nou elimine otan baryè ke posib--ou pa t bezwen randevou, asirans, oswa katididantite (ID). Se sèlman vini, jan w ye a, epi nou ede ou.»

Pandan anplwaye yo ap fè tès ak bay pasyan yo vaksen nan klinik mobil la, yo te tou mande pasyan yo si yo te gen ase manje, si yo te bezwen medikaman lakay yo, oswa si yo te gen risk pou patnè entim yo fè vyolans sou yo. Yo te bay dezenfektan pou men, mask, sache ki gen pwodui fre, epi mete pwogram pou fè livrezon manje ak medikaman sou preskripsiyo yo adomisil. Yo enskri moun pou y al vote. Nan ete 2021 an, klinik mobil la te sèvi prèske 500 pasyan ki te vin san randevou -- sa ki fè li se yon resous presye, nan efò vil la kontinye ap fè pou kontwole COVID-19 la.

Nan premye jou yo, pandan pandemi a, Jolliffe ak ekip li a te rele pasyan Brookside yo, pou diskite sou medikaman yo bezwen, evalye detèminan sosyal sante yo ak tcheke moun ki te oblige fèmen anndan kay. Kèlkeswa moun nan te ka benefisyé gras a nivo atansyon ak

jès sansib sa a. Men pou pasyan frajil yo, sipò anplis sa a se te yon bonjan sekou.

Jolliffe di : «Apre 50 tan, Brookside rive etabli yon relasyon fyab avèk kominote nou an, epi nou vle suiv wout sa a e fòse tèt nou kontinye vin pi bon e pi bon. Nou vle bay swen sante nan yon fason k ap pèmèt chak pasyan santi yo respekte l ak soutni l.»

AMELYORE SWEN POU TOU MOUN.

Nan SJPHC a, ekip la gen dekad li te alatèt efò anti racism yo. Modèl lidè adapte sant la pou jistis rasyal (Adaptive Leaders for Racial Justice), ki ede pwofesyonèl medikal yo konpran koz pwofon mank ekite rasyal yo nan domèn sante, tèlman solid Asosasyon medikal ameriken te adopte li an 2021.

SJPHC kòmanse itilize analiz enpak ekite rasyal la, ki se menm konsèp yo itilize nan yon analiz trafik polisyon ak bri gen sou yon anviwonman, Kèlkeswa nouvo regleman, pwosedis oswa pwopozisyon sou amelyorasyon espas la, yo itilize analiz sa a pou wè kòman racism la opere nan swen domèn sante. Kalite efò sa yo ede nan gwo desizyon lopital ap pran sou swen ekitab -- ede moun k ap planifie pwojè nan tout Brigham lan konsidere si amelyorasyon potansyèl nan swen te ka benefit pou pasyan ki pa blan tankou pou pasyan blan yo.

Ortiz di yo elabore ak emplante inisyatif pou jistis rasyal nan SJPHC la se pou yo ka jwenn pi bon rezulta pou tout moun.

Ortiz di : «Se pa yon kesyon blan k ap pran swen moun ki pa blan. Lè nou prepare règleman, pratik ak estrikti sant sante pou l fonksyone pou yon fi nwa transjan k ap itilize yon chèz woulant, oswa pou yon moun ki pa

gen dokiman, l ap fonksyone pi byen pou tout moun.»

Li di yo rele pwosesis sa a, konsepsyon apati ekstremite yo.

Ortiz di : «Kontrèman ak lòt kote yo bay swen jeneral yo, sant sante a ouvri leswa ak nan wikkenn. Pou mwen, kòm yon moun ki gen anpil avantaj estriktirèl, m kontinye pwofite nan orè fleksib sa yo, menm si m pa bezwen yo menm jan ak lòt pasyan ak fanmi yo. Lè sistèm swen sante a bon pou fi nwa, l ap bon pou mwen tou. Sa a se jistis ak liberasyon rasyal.»

Dennie Butler-MacKay, LICSW, se travayè sosyal klinik prensipal la nan SJPHC. Li fe sikoterapi pou moun pou kont yo ak pou fanmi e li se yonn nan direktris nan inisyatif jistis ak egalite rasyal nan sant lan.

Butler-MacKay fè remake, li pa fasil pou jwenn swen sante an rapò ak konpòtman pou pasyan BIPOC yo nan sant sante kominotè yo. Avèk pwogram pasyèl ak lòt sèvis sosyal yo k ap fèmen nan tout Massachusetts la, yo konsevwa detwa resous ki disponib yo pou rezoud kriz san konsidere tout kontèks ak detay sou lavi pasyan yo.

Butler-MacKay di : «Nou gen yon gwoup pwofesyonèl sante an rapò ak konpòtman byen konpetan ki suiv yon pratik enfòmè sou trauma avèk dènye apwoch klinik yo. Nou vle tretman pou twomatis nou an se sa ki pi avanse ki genyen an. Nou ofri apwòch ak chema tretman ki soti nan tout pratik ak kominote yo, tankou sikoterapi sensoryèl motorik, sistèm fanmi entèn, abolisyonis somatik, jistis sosyal entegre ak meditasyon.»

Nan SJPHC, Ortiz ak Butler-MacKay sezi kèlkeswa chans lan pou konfwonte racism la karebare, yon apwòch malerezman yo toujou konsidere kòm radikal nan swen sante. Gras a fòmasyon yo sou jistis rasyal ak ekite nan sante y ap dirije yo, yo pwofite tout opòtinite pou ede lòt moun -- espesyalman sa yo ki gen avantaj yo -- pou yo ka pi byen reyalize kòman mank ekite deranje nou tout.

Li di : «Nou gen chans gen anpil òganizasyon ki baze nan kominote a ak enstisyon sante pou reyalize you enpak kolektif. Nou konprann responsabilite nou genyen noumen nan kominote a, epi nou kontan n ap jwenn resous pou n pataje ak amelyore byennèt chak moun nan vil nou an.» ::



«Pou fè vrè chanjman nan swen sante, pou l ka fonksyone pou tout moun, nou dwe panche sou inegalite ak enfrastrikti sosyal ki alabaz yo nan kominote nou yo.»

— MARGARET COLE, MBA, BSN, RN



Dènye foto

IMAJ KI ENSPIRE AK ENFÔME

Fè inyon pou jistis ak ekite nan sante

Apre yo fin tie Ahmaud Arbery, Breonna Taylor, ak George Floyd nan prentan 2020 an, yon gwoup rezidan nan medsin entèn te kòmanse planifye yon ti veye pou lavi wwa nan Brigham nan. Pawòl la mache tèlman rapid te gen tan gen santèn moun patou nan Brigham ki te ranpli tout espas nan Stoneman Park la, jou 5 jyen 2020 an.

Nan rasableman an, manm kominote lopital la te fè refleksyon sou enjistis sistemik, enstitisyònèl, ak racism ant moun Ozetazini. Veye a te pwovoke yon mouvman nan tout Brigham nan, sa ki te ogmante konsyans e inspire aksyon anfavè ekite nan sante ak jistis rasyal. (Foto Benjamin Lee pran)

DIREKSYON EGZEKITIF BRIGHAM

Robert S.D. Higgins, MD, MSHA
Prezidan

DIREKTÈ DEPARTMENT YO—
BRIGHAM AND WOMEN'S HOSPITAL

Shelly Anderson, MPH
Visprezidan egzekitif ak direktris
operasyon yo

Jon Christopher Aster, MD, PhD
Patoloji (Pwovizwa)

Giles W.L. Boland, MD
Prezidan Òganizasyon doktè nan lopital
Brigham and Women's

Tracy Batchelor, MD, MPH
Newoloji

James Brink, MD
Radyoloji

E. Antonio Chiocca, MD, PhD
Newochiriji

Paul J. Anderson, MD, PhD
Visprezidan prensipal pou rechèch ak
edikasyon, direktrès akadémik

Gerard M. Doherty, MD
Chiriji

Sonali Desai, MD, MPH
Direktris kalite (Provizwa)

Daphne Haas-Kogan, MD
Onkoloji radyoterapi

Sunil Eappen, MD, MBA
Visprezidan prensipal pou afè medikal

Terrie E. Inder, MD, PhD, MChB
Medsin peyaytri neyonatoloji

Kevin T. Giordano, MBA, FACHE
Visprezidan prensipal nan sèvis klinik

James D. Kang, MD
Ötopedi

Adam Landman, MD, MS, MIS, MHS
Direktrès enfòmatik ak inovasyon dijital

Thomas S. Kupper, MD
Dermatoloji

Christina A. Lundquist, MHS
Visprezidan prensipal nan sèvis klinik,
operasyon imobiliye ak enstalasyon

Joseph Loscalzo, MD, PhD
Medsin

David O. McCready, MBA, MHA
Prezidan, Brigham and Women's
Faulkner Hospital ak
Visprezidan prensipal nan sèvis klinik

Naval M. Nour, MD, MPH
Obstetriki ak jinekoloji

Garrett McKinnon
Direktrès finans (Provizwa)

James Rathmell, MD, MBA
Anestezyoloji, Medsin perioperatif ak
doulè

Madelyn Pearson, DNP, RN, NEA-BC
Visprezidan prensipal nan sèvis swen
pasyan ak direktris swen enfimye

David A. Silbersweig, MD
Sikyatri

Susan E. Rapple, EdM
Visprezidan prensipal ak direktris
filantwopi

Michael VanRooyen, MD, MPH
Medsin jians

Lori J. Schroth
Visprezidan biwo komunikasyon
estratèjik


Ross D. Zafonte, DO
Medsin fizik ak reabilitasyon

Julia Sinclair, MBA
Visprezidan prensipal, Sèvis klinik

Paula Squires, MBA, SHRM-SCP, SPHR
Visprezidan prensipal nan resous imèn

 Brigham and Women's Hospital
Founding Member, Mass General Brigham

 HARVARD MEDICAL SCHOOL
TEACHING HOSPITAL



Brigham and Women's Hospital

Founding Member, Mass General Brigham

Development Office
116 Huntington Avenue, Third Floor
Boston, Massachusetts 02116-5712
617-424-4300

Change service requested

Non Profit Org.
U.S. Postage
PAID
Norwood, MA
Permit No. 20

Kanpe Ansannm

Yon veye rezidan
nan medsin entèn
nan Brigham nan
òganize an jyen
2020 lan pwovoke
kominote lopital la pou
konfwonte racism kòm
yon bagay endividyèl ak
kòm yon enstitisyon

(Foto Dr Jim Rathmell pran)

